

# ELIMINE PINÈZ SAN DANJE

## KISA PINÈZ YE?

Pinèz se ti ensèk ki nourit tèt li ak san moun. Anjeneral, yo aktif lannwit lè moun ap dòmi. Pinèz adilt yo gen yon fòm oval plat epi yo gen koulè wouj ki melanje ak koulè wouy. Pinèz adilt yo apeprè gwose yon grenn semans nan yon pòm, yo ase gwo pou moun wè yo byen fasil, men souvan yo kache nan ti fant ki nan mèb, nan planche oswa nan miray. Lè pinèz fin bwè san, kò yo anfle epi yo vin gen koulè wouj vif. Yo ka viv plizyè mwa san yo pa souse san moun.

## KISA YON MOUN SANTI LÈ YON PINÈZ MÒDE L, EPI AK KISA KOTE LI MÒDE A SANBLE?

Anpil fwa lè pinèz fèk mòde, li pa fè mal, men apre li vin tounen gwo mak, epi li grate. Mak sa yo pa gen yon pwen wouj nan mitan menm jan ak lèt ensèk mòde moun.

## ÈSKE PINÈZ DANJRE?

Byenke pinèz ak kote yo mòde moun se yon anmèdman, pèsòn pa janm di yo bay maladi.

## KOUMAN YON KAY VIN ANVAYI AK PINÈZ?

Nan pifò ka, moun mennen pinèz anndan kay yo san yo pa konnen, nan yon malèt, yon mèb, oswa nan rad ki gen pinèz. Pinèz ka sikile tou ant apatman pa atravè ti twou oswa fant nan miray ak nan planche.

## KOUMAN POU M RIVE KONNEN SI KAY MWEN ANVAYI AK PINÈZ?

Ou ka wè mak sou po w ap grate w. Ou ka wè tou pinèz menm, ti tach san ensèk ki kraze, oswa mak fonse yo kite kote yo pase. Souvan li difisil pou jwenn yo poutèt yo kache nan kabann, lòt mèb, oswa tou pre yo, ak nan fant miray.

## ÈSKE MWEN DWE RELE YON KONPAYI KI DETWI ENSÈK?

Depatman sante *Health Department* (DOH) rekòmande moun ki gen kay pou yo pran sèvis nan men konpayi ki okipe eliminasyon ensèk ke Depatman pou prezève anviwònman Leta Nouyòk *New York State Department of Environmental*

*Conservation* (NYSDEC) rekonèt pou detwi pinèz lakay yo.

Konpayi ki okipe eliminasyon ensèk yo dwe:

- Enspekte kay ou pou konfime egzistans pinèz yo nan kay la.
- Jwenn epi detwi kote yo kache yo.
- Dezenfekte kay la avèk pwodui netwayaj ak/ oswa ak pestisid (bagay pou touye ensèk) si l nesèsè.
- Tounen vin vizite kay la pou fè sèten tout pinèz yo mouri.

Fè sèten ke konpayi ki okipe eliminasyon ensèk ou anplwaye a, gen pwofesyonèl ki konn jan pou detwi ensèk e ki gen lisans yo. Mande wè yon kopi lisans yo oswa telefone (718) 482-4994 pou verifye dirèkteman avèk DEC oswa al sou sit

<http://www.dec.ny.gov/permits/209.html>

## ÈSKE LI NESESÈ POU UTILIZE PESTISID POU TOUYE PINÈZ?

Pi bon jan pou touye pinèz se netwaye, dezenfekte ak elimine kote yo kache yo. Etandone ti pinèz ki fèk fèt yo (nenf) ka viv plizyè mwa san y opa bwè san, epi pinèz ki pi aje yo ka viv plis pase yon lane, konpayi ki okipe eliminasyon ensèk la ka itilize yon pestisid. Pale avèk pwofesyonèl nan domèn lan osijè fason pou itilize pestisid san danje epi fè sèten li :

- Itilize pestisid ki gen mwens kantite pwazon.
- Swiv enstriksyon ak avètisman yo ekri sou etikèt pwodui a.
- Ba w konsèy pou w pa rete nan pyès yo netwaye yo, epi di w lè pa gen danje pou w tounen rantr nan pyès sa yo.
- Aplike ti kantite pestisid sou kouti nan matla ak sofa yo sèlman pou trete yo. Ou **pa dwe janm** itilize pestisid la nan pati anlè matla oswa sofa yo.

## KOUMAN MWEN KA TOUYE PINÈZ?

### 1. Jwenn tout kote pinèz yo kache nan kay ou.

Sèvi ak yon flash ki byen klere pou w chèche pinèz oswa tach fonse yo kite dèyè kote yo pase nan mèb ki nan chanm ou. Oswa itilize yon sechwa cho pou cheve, yon kanif fen, yon vye kat subway oswa yo kat pou jwe pou w fè yo sòti nan kote ak fant yo kache yo. Tcheke(✓):

- Dèyè tèt kabann ou.
- Nan kouti ak nan ti mèch ki gen nan matla w, epi anndan somyè a.
- Tout kote ki fele nan planche chanm lan.
- Nan tab de nwi an ak sou kote yo.
- Lòt bagay nan chanm lan, paegzanp pa deyò fenèt ak pòt, nan foto, *moldings*, mèb ki tou pre, papyè miray k ap dekole, fant nan kote yo mete andui, ak kote gen klwazon nan yon pyès, epi nan kote ki an dezòd.

## 2. Netwaye kote ki gen plis chans pou pinèz kache.

- Lave tout materyèl pou moun kouche, dra, rido, ti tapi, kapèt, ak tout rad. Pou touye pinèz yo, lave tout bagay nan dlo cho epi chwazi tanperati ki pi wo a pou seche yo nan sechwa. Tranpe rad delika yo nan dlo tyèd avèk anpil savon pandan plizyè èdtan anvan w rense yo. Ou ka mete bagay an lèn yo, ti nounous yo, soulye, ak plizyè lòt bagay nan yon sechwa cho pandan 30 minit pou w touye pinèz yo.
- Fwote kouti nan matla yo avèk yon bwòs di pou retire pinèz ak ze pinèz.
- *Vacuum* matla, pan kabann, mèb ki pre kabann, planche ak kapèt. Gade byen anndan fant ak ti espas ki gen nan kay la. Touswit apre w fin vacuum, mete sache vacuum ou fin itilize a nan yon sache plastik byen fèmen, epi jete l nan yon dwoum deyò.
- Si w jwenn pinèz nan matla, kouvri l avèk yon kouvèti pou matla ki gen zip ak etikèt ki make "*allergen rated*," oswa "*for dust mites*." dlo pa ka mouye. Kite kouvèti a sou li pandan omwen yon lane.
- Si somyè a enfeste ak pinèz, fèmen li anndan yon kouvèti pou somyè ki fèt an vinil pandan omwen yon lane. Si w pa gen yon kouvèti, jete somyè a.
- Jete bagay ki enfeste ak pinèz ke w pa ka netwaye epi mete lòd. Byen fèmen yo nan yon sache plastik pou fatra, epi jete l nan yon dwoum deyò.
- Repare fant nan andui, epi repare oswa retire papyè miray k ap dekole yo.

## 3. Fè atansyon anpil lè oumenm ap itilize pestisid.

Pestisid ka reprezante yon danje pou moun ak pou ti bèt k ap viv avèk ou. Si w deside itilize yon pestisid, oswa si yon pwofesyonèl lisansye

ki okipe eliminasyon ensèk konseye w itilize yonn, pran prekosyon sa yo:

- Itilize sèlman pestisid ki gen yon etikèt kote yo ekri byen klè li fèt pou detwi pinèz. Pa janm itilize yon *spray* pou ravèt, yon *spray* pou foumi, ni okenn lòt pestisid ki pa endike pinèz sou etikèt li.
- Swiv sa yo di w fè egzakteman sou etikèt la.
- Pa janm mete pestisid la nan pati anlè matla oswa sofa yo, oswa kote timoun oswa ti bèt rete.
- Pa janm achte oswa itilize yon pwodui ki pa gen etikèt yon faktori, epi pa janm achte pestisid nan men moun k ap vann yo nan lari.
- Evite itilize "bonb pou ensèk *insecticide bombs*" ak "foggers" lakay ou. Pwodui sa yo ka fè sikile nan tout kay ou pwodui chimik danjre, epi yo pa vrèman bay bon rezilta avèk pinèz.

## KOUMAN MWEN KA ANPECHE GEN PINÈZ NAN KAY MWEN?

- Lave rad yo, epi enspekte malèt yo touswit lè tounen sot nan yon vwayaj.
- Enspekte mèb dezyèm men pou gade si yo pa gen pinèz anvan w rantre yo anndan kay.
- Pa janm pote anndan kay pan kabann, matla, somyè, oswa mèb ki boure ak twal yo jete.

## KOUMAN MWEN KA ANPECHE MÈB LAKAY MWEN KONTAMINE KAY YON Lòt MOUN AK PINÈZ?

- Pa janm revann ni bay mèb oswa rad ou genyen ki enfeste ak pinèz.
- Si w jete mèb ki enfeste ak pinèz, koupe mòso ladan yo oswa fè twou nan kousen yo oswa fè yon jan pou moun pa ka itilize yo. Kole sou li yon siy ki di "enfeste avèk pinèz."

Fèyè enfòmasyon sa yo disponib nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health). Pou w jwenn plis kopi, telefòn 311 epi mande pou yo ba w yon feyè ki endike "Elimine pinèz san danje."